



Yon kabrit, yon chen ak yon bèf

✎ Fabian Wakholi

✉ Marleen Visser, Ingrid Schechter

☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

🔊 2


💬 krèyol ayisyen ht




Yon kabrit, yon chen ak yon bèf te bon zanmi.
Yon jou yo pran yon taksi pou yal flannen.




Lè yo rive kote yo prale, chofè a mande yo
peye pri transpò an. Bèf la peye transpò pa li.



Chen an peye yon ti kras anplis paske li pat gen lajan egzat lan.



Lè chofè an ta pral remèt li nan lajan an li wè kabrit lan ki tonbe kouri san li pa peye.



Chofè an pat kontan ditou. Li pati san li pa remèt chen an rest lajan an.



Se pou sa a, jis jounen jodya a chen an kouri
deyè chak machin li wè paske lap chache
chofè a ki dwe li yon lajan.



Kabrit lan kouri sove chak fwa li wè yon machin. Li pè pou' l pa ale nan prizon akòz lajan li dwe an.



Bèf lan li menm pa gen pwoblèm lè li wè yon machin. Li pran tan li pou li travèse lari a kè pòpòz paske li konnen ke li peye tout pri transpò a.



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Yon kabrit, yon chen ak yon bèf

-pencil icon Fabian Wakholi

camera icon Marleen Visser, Ingrid Schechter

document icon ACE Haiti-University of Notre Dame USA

